ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№21 (23.179) • 2016 гъэм мазаем (февралым) и 6, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КIуэкIуэ Юрий къигъэуващ сабий зеиншэхэм хухах псэупIэм и фIагъым нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыну



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIышылэ мазэм къриубыдэу социально-экономикэ къалэн нэхъыщхьэхэр зэрагъэзэщIамрэ 2016 гъэм и япэ мазищым ялэжьын хуейуэ зыхуагъэувыжахэр зэфIэгъэкIынымкIэ хэкIыпIэхэмрэ.**

«ЗЭРЫЩЫТУ къэралыр гугъуехь пыухыкIахэм хэтми, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, - республикэм щыщыIэ экономикэ щытыкIэр зэпIэзэрыту къэплъытэ хъунущ. IэнатIэхэм тэмэму заужьынымкIэ зыхуэфащэ хэкIыпIэхэр зэтрагъэуващ».

Зэман гъунэгъум къару нэхъыбэ зэхьэлIэн хуейхэм ящыщу къэпсалъэм къыхигъэщхьэхукIащ мэкъумэш IэнатIэм, промышленностым, турист-рекреацэ комплексым ядэIэпыкъуныр, лэжьыгъэ IэнатIэхэм щыщыIэ щытыкIэр гъэтэмэмыныр, социальнэ къалэн псори фIэкIыпIэ имыIэу гъэзэщIэныр.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лыхь Заур** зэрыжиIамкIэ, лэжьапщIэр, пособиехэр тынымкIэ блэкIа илъэсым и дыгъэгъазэмрэ дызыхыхьа илъэсым и япэ мазэмрэ щIыхуэхэр щыIэкъым. КIуэкIуэ Юрий къигъэлъэгъуащ абы и лъэныкъуэкIэ къыкIэрыхуныгъэ къэбгъэхъункIэ Iэмал зэримыIэр.

Нэхъ гупсэхуу зэIущIэм щыхэплъащ сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхухэм. А мурадым папщIэ федеральнэ, республикэ бюджетхэм я ахъшэкIэ нобэм ирихьэлIэу фэтэр 275-рэ къащэхуащ. Абыхэм ящыщу 191-м цIыхухэр щIэтIысхьэжащ, фэтэр 84-м я документхэр ягъэтэмэм. КIуэкIуэ Юрий жиIащ фэтэрхэм я фIагъым нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъын зэрыхуейр. «Сабий зеиншэхэм папщIэ къащэху дэтхэнэ фэтэрри иджыпсту щыIэ мардэхэм зэрезэгъыр комиссэ щхьэхуэм къипщытапхъэщ», - къыхигъэщхьэхукIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Къызэхуэсахэр апхуэдэу хэплъащ къагъэсэбэп энергием и уасэр и зэманым зэратым. 2015 гъэм къриубыдэу абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ щIыхуэхэр ягъэмэщIащ. Республикэ, щIыналъэ бюджетхэм я ахъшэм ирилажьэ Iуэхущ IапIэхэм газ уасэр проценти 106-кIэ, электрокъарум и уасэр процент 95-кIэ ятащ. Зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэмрэ унафэщIхэмрэ къалэн щащIащ дяпэкIэ энергием и уасэмкIэ щIыхуэ зытрагъэмыгъэхуэну, блэкIа илъэсхэм зэтрихьа щIыхуэри и зэманым япшыныжыну.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** сымэ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## IуэхущIапIэм и щытыкIэр къапщытэ

● Дыгъуасэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ къипщытащ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэу Долинск щыIэ «Радуга» республикэ центрым и лэжьыгъэр, и щытыкIэр зыхуэдэр.**



IУЭХУЩIАПIЭМ и унафэщI Махуэ Юрий зэрыжиIамкIэ, мы зэманым я деж сабий 200-м щIигъум я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ, зыщагъэпсэху. Абы къыхигъэщащ я психологхэм я бжыгъэм зэрыхагъэхъуар.

Сабийхэм зыщагъэпсэхун, щеджэн папщIэ зыхуеину псомкIи центрыр къызэгъэпэщащ. Псалъэм папщIэ, библиотекэ, баскетбол, волейбол джэгупIэ, футбол губгъуэ иIэщ. Гъэмахуэм и мызакъуэу, гъэ еджэгъуэм къриубыдэу цIыкIухэр мы IуэхущIапIэм щыIэщ. НыбжьыщIэхэр школ программэм къыкIэрымыхун папщIэ, дерс нэхъыщхьэхэр ирагъэдж.

КIуэкIуэ Юрий зыщиплъыхьащ IуэхущIапIэм и соматикэ, ортопедие, эндокринологие, офтальмологие, неврологие къудамэхэм, спортзалым, бассейным, шхапIэм, зыщатхьэщI, зыщагъэпскI, щыджэгу, актовэ пэшхэм. Республикэм и Iэтащхьэм сабийхэм я узыншагъэр зэрырагъэфIакIуэ Iэмэпсымэхэм я щытыкIэр зыхуэдэр къипщытащ икIи жьы хъуахэр щIэхэмкIэ яхъуэжын зэрыхуейр яжриIащ.

«Радуга»-м и шхапIэр иджырей мардэхэм тету къызэрагъэпэщащ. Сабийхэм я шхыныгъуэхэр, пщэфIапIэм къыщагъэсэбэп хьэкъущыкъухэр зыхуэдэр, щIыIалъэр зэрылажьэр зригъэщIащ КъБР-м и Iэтащхьэм. Апхуэдэу пщафIэхэм я лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщами зыщигъэгъуэзащ.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэр щIэупщIащ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм я улахуэр зыхуэдизым икIи, щытыкIэ гугъу итми, Iэмал ягъуэтмэ, абыхэм я лэжьапщIэм яхухигъэхъуэну Махуэ Юрий жриIащ. КъищынэмыщIауэ, щхьэхуэу зыхигъэгъуэзащ сабий ныкъуэдыкъуэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэм.

Центрым щыIэ сабийхэми захуигъэзащ КIуэкIуэ Юрий икIи ар къазэрыщыхъур зригъэщIэн мурадкIэ упщIэ зыбжанэ яритащ.

«Радуга» центрыр ирагъэфIэкIуэн, абы зрагъэужьын папщIэ куэд зэрызэфIагъэкIар нэрылъагъуми, лэжьыгъэшхуэ иджыри къазэрыпэщылъыр республикэм и Iэтащхьэм ибзыщIакъым. Абы ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къалэн ящищIащ КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альбертрэ Махуэ Юрийрэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, IуэхущIапIэм и лифтхэр мыгувэу зэрагъэпэщыжыну, абы и лъэгухэмрэ и блынхэмрэ зыхуей хуагъэзэжыну, зыхущыщIэ Iэмэпсымэхэмкiэ къызэрагъэпэщыну, жьы хъуахэр зэрахъуэкIыну пщэрылъ ящищIащ икIи КъБР-м и Правительствэр абыкIэ къазэрыдэIэпыкъунур къыхигъэщащ. Апхуэдэу къыхуриджащ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IэнатIэхэр зыхуей хуэгъэзэным ехьэлIауэ лажьэ республикэ, федеральнэ программэхэр къагъэсэбэпыну, я къарухэр зэщIагъэуIуэну. КъищынэмыщIауэ, центрыр щапхъэ зытрах хъун папщIэ лъэныкъуэ псомкIи зэрырагъэфIэкIуэнум ехьэлIа план зэхагъэувэну къалэн ящищIащ икIи абы къабзагъэм, зэIузэпэщыныгъэм гулъытэ нэхъыбэ щыхуащIыну чэнджэщхэр иритащ.

- Ди республикэмрэ нэгъуэщI щIыналъэхэмрэ щыщ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ мы центрым къедгъэблэгъэфын хуэдэу IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыпхъэщ. «Радуга» центрыр и фIэщыгъэцIэм хуэфащэу щытын хуейщ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий.

**ТЕКIУЖЬ Зарет**э.

## МГИМО-мрэ КъБКъУ-мрэ я студент зэгухьэныгъэхэм зэрызэдэлэжьэнумкIэ зэгурыIуэныгъэм Iэ традзэ

**Урысей Федерацэм Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм Дунейпсо зэхущытыкIэхэмкIэ и Мэзкуу къэрал институтым (МГИМО) и лIыкIуэхэр ди республикэм дыгъуасэ щыIащ. КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, къищынэмыщIауэ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым я унафэщIхэм ахэр яIущIащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм я студент зэгухьэныгъэхэр зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ традзащ.**

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и Унэм МГИМО-м и лIыкIуэхэр щригъэблэгъащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий. Мэзкуудэсхэм захуигъазэу абы къыхигъэщащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм КъБКъУ-м адэкIи зиужьынымкIэ IэмалыфI къызэритынур.

Гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ МГИМО-м и управленэм и унафэщI, конституцэ правэмкIэ кафедрэм и егъэджакIуэ, Къэрал Думэм и депутатым и дэIэпыкъуэгъу, УФ-м и ЩIалэгъуалэ жылагъуэ палатэм хэт Суровцев Константин КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым фIыщIэ хуищIащ гуапэу зэрыригъэблэгъам папщIэ икIи МГИМО-м и ректор, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и академик Торкунов Анатолий и хъуэхъу телеграммэм къеджащ.

Суровцевым къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ дунейпсо егъэджэныгъэ центрхэм ящыщ зым и лэжьэкIэм икIи къыхигъэщащ абы хамэ къэралыбзэ 50-м щIигъу зэрыщрагъэдджыр. А лъэныкъуэмкIэ МГИМО-р Гиннесс рекордхэмкIэ и тхылъым ихуащ. Егъэджэныгъэм мыхьэнэшхуэ щеубыд студент зэгухьэныгъэхэр зэрызэпыщIам. МГИМО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэри абыхэм яхэтщ.

● ЗэпыщIэныгъэхэр

А вузыр къэзыуха, конституцэ правэмкIэ кафедрэм и аспирант Сэралъп Тембулэт и жэрдэмкIэ ар 2012 гъэм и щIышылэм къызэрагъэпэщащ.

- Еджэн и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм фIы дыдэу зыкъагъэлъагъуэ, - гу лъаригъэтащ Суровцев Станислав. - 2005 гъэм щыщIэдзауэ институтыр къаухащ фи лъахэгъу 25-м щIигъум, нэхъыбэм диплом плъыжькIэ. НобэкIэ МГИМО-м и студентщ КъБР-м щыщ цIыху тIощым щIигъу. Мыхьэнэшхуэ иIэщ ахэр жылагъуэ-студент гъащIэм МГИМО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм зэрыхишэм.

Зэгухьэныгъэм и IуэхущIафэхэм зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ Сэралъп Тембулэтрэ МГИМО-р къэзыуха, МГИМО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэ, МГИМО-м и урысей студентхэм я сообществэм и унафэщI Къаскъул Аслъэн. Институтым щIэныгъэкIэ и зэфIэкIхэм я гугъу ищIащ МГИМО-м Дунейпсо зэхущытыкIэхэмрэ управленэмкIэ и институтым и директор, политикэ теориемкIэ кафедрэм и доцент Ваславский Ян. МГИМО-м и Студент союзым и секретариатым и унафэщIым и къуэдзэ Ковалёв Владимир къытеувыIащ къэралым и щIалэгъуалэ политикэр гъэзэщIа зэрыхъум. Гулъытэ щхьэхуэ игъуэтащ волонтёр зэщIэхъееныгъэм. Илъэс никъуэ ипэкIэ вузыр хыхьащ 2018 гъэм щыIэну футболымкIэ дунейпсо чемпионатым зыхуэгъэхьэзырынымкIэ лэжьыгъэм. МГИМО-м волонтёрхэр хуигъэсэнущ еджапIэ нэхъыщхьэр зыхуэIэижь унэтIыныгъэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и студентхэр институтым ирегъэблагъэ спорт Iуэхугъуэр къызэгъэпэщыным хэтыну.

Псалъэмакъ щхьэпэ зэрырагъэкIуэкIам папщIэ Мусуков Алий хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ.

- Ди республикэм икIа куэдым МГИМО-р фIы дыдэу къаухауэ къызэрыджефIар гуапэ тщыхъуащ, - къыхигъэщащ абы. - А хабзэм пащэну дыщогугъ. ЗэпыщIэныгъэр зэхэзыубла ди щIалэхэм фIыщIэ яхудощI, щIалэгъуалэр зэрыубыдынымкIэ абыхэм лъабжьэ быдэ ягъэтIылъ.

Вузым егъэджэныгъэр зэрыщекIуэкIымрэ жылагъуэ гъащIэр къызэрыщызэгъэпэщамрэ теухуа псалъэмакъым Парламентым и Унэм щыпащащ. Мэзкуу къикIахэр абы щригъэблэгъащ спикер Егоровэ Татьянэ.

- Ди республикэм фызэрыщыIам теухуауэ гукъэкIыжыфIхэр къыфхуэнэну дыхуейщ, - жиIащ Егоровэм, хьэщIэхэм захуигъазэу. - Сэ сыт щыгъуи сфIэхьэлэмэтщ ди щIалэгъуалэм я псэукIэр. ЩIэблэр зыгъэпIейтей гугъуехьхэм уамыгъэгузэвэнкIэ Iэмал иIэкъым.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым гу лъаригъэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIалэгъуалэ политикэр щыгъэзэщIэнымкIэ хабзэгъэув IэнатIэм и мыхьэнэм. Мэзкуудэсхэм къащIащ щIалэгъуалэ политикэм теухуа закон къэщтэнымрэ ЩIалэгъуалэ палатэ зэхэгъэувэнымкIэ КъБР-м и Парламентыр къэралым щыпашэхэм зэращыщыр. ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм загъасэ я гупсысэхэр пхагъэкIыу, законхэр зэхагъэувэу. «Си хабзэгъэув жэрдэм» зэпеуэм хэтхэм IуэхугъуэфIхэр утыку кърахьэ. Нэгъабэ урысейпсо Iыхьэм щагъэлъэгъуа лэжьыгъи 8-м ящыщу 7-м саугъэтхэр зыIэрагъэхьащ, 1-м социальнэ политикэмкIэ секцэм бжьыпэр щиубыдащ.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ нобэрей гъащIэм щIэблэм Iэмал гъуэзэджэ куэд къахузэрызэIуихыр. Къапщтэмэ, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм я фIыгъэкIэ къэралым и вуз нэхъыфIхэм щIэныгъэ щызэбгъэгъуэтыфынущ.

- Сыщыуэну къыщэкIынукъым МГИМО-р еджапIэ нэхъыфI дыдэу къэслъытэмэ, зыми къапимыкIуэту, - жиIащ Егоровэм. - Ар къэзыухахэр адрейхэм къащхьэщокI акъыл жанрэ щIэупщIэ зэраIэмкIэ.

А Iуэхугъуэм щыпащащ КъБКъУ-м. Абы хьэщIэхэм къащыIущIащ университетым и ректор Алътуд Юрий. Мэзкуу къикIахэм папщIэ университет къалэ цIыкIум зыплъыхьакIуэ къыщызэрагъэпэщащ. Махуэр иухащ КъБКъУ-м и студентхэри къызрихьэлIа «стIол хъуреймкIэ». Абы Iэ щытрадзащ вузитIым я студент зэгухьэныгъэхэр зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм.

**БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.**



*Сурэтыр* **Елъкъан Артур** *трихащ.*

## Ди гъуэгухэмрэ цIыхухэмрэ

● ЗэIущIэхэр

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ гъуэгум шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и правительствэ комиссэм и пщэрылъхэр республикэм гъэзэщIа зэрыщыхъум.**



КОМИССЭМ жэуап зыхь и секретарь УнэлIокъуэ Хьэчим къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ 2015 гъэм къриубыдэу Правительствэм и зэIущIэу 3 ирагъэкIуэкIауэ зэрыщытар, абыхэм Iуэхугъуэ 12-м зэрыщыхэплъар. «ЗэIущIэхэм Iуэхугъуэ куэд къызэщIаубыдэу щытащ, псом хуэмыдэу ахэр теухуауэ щытащ гъуэгухэм я щытыкIэр зыхуэдэр къэпщытэным, абы къыщыхъу гузэвэгъуэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэным. Щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу язынныкъуэ лэжьыгъэхэр иджыри и кIэм нэгъэса хъуакъым. Псалъэм папщIэ, КъБР-м гъуэгу хозяйствэмкIэ и управленэм гъуэгу конструкцэхэмрэ лъэмыж ижыпIэхэмрэ я щытыкIэр къипщытэн хуейуэ 2015 гъэм мазаем и 9-м едгъэкIуэкIа зэIущIэм щыжытIауэ щытащ. КъищынэмыщIауэ, федеральнэ гъуэгу агентствэм и «Кавказ» щIыналъэ автомобиль гъуэгу управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм пщэрылъ щащIат Тамбукъан гуэлым бгъурыкI гъуэгум шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIыну. Мы зэманым Iуэхур и кIэм нагъэсакъым», - жиIащ УнэлIокъуэм.

Ар тепсэлъыхьащ Налшык щIыпIэ администрацэм мы Iуэхум ехьэлIауэ 2015 гъэм зэфIигъэкIахэми. Апхуэдэу гъуэгухэм шынагъуэншэу къыщызэрагъэпэщын мурадкIэ, КIыщокъуэм, Нэгумэм, Толстойм, Ахъуэхъум, Нэхущым я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм машинэхэр зы лъэныкъуэкIэ фIэкIа мыкIуэу ящIащ. Лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ парк ихьэпIэхэмрэ Къалэ сымаджэщ №1-м и бжэIупIэмрэ дежи: машинэхэр щагъэув хъуну щIыпIэхэр хахащ. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, мы зэманым зэрагъэпэщыж Лермонтовым («МафIэ мыужьыхым» деж), ПащIэм (бэзэрым и Iэгъуэблагъэр) я уэрамхэри. «ЗэIущIэхэм щаубзыхуауэ щытами, лэжьыгъэхэр иджыри къэс щызэфIэкIакъым ЩоджэнцIыкIумрэ КIыщокъуэмрэ, Головкомрэ Калюжнэмрэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэхэм. Абдежхэм светофорхэр щыгъэувын хуейуэ унафэ щыIащ», - дыщIигъуащ комиссэм и унафэщIым. Абы зэрыжиIэмкIэ, 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м комиссэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщащта унафэм тету, КъБР-м гъуэгу хозяйствэмкIэ и управленэм и къалэну щытащ Плановскэ къуажэмрэ Елъхъуэт жылэмрэ я зэхуаку дэлъ щIы Iыхьэр зэрызэрагъэпэщыжым кIэлъыплъыну. А зэIущIэ дыдэм Аруан, Май районхэмрэ Прохладнэ къалэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм къалэн щыхуагъэуват щIыпIэхэм щыIэ гъущI гъуэгухэр къагъэнэхуну.

Лэжьыгъэхэр щекIуэкIащ Головкомрэ Калюжнэмрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм зэпрыкI гъущI гъуэгухэм, Промышленнэ проезд №2-м екIуалIэм. «КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм хъыбар къызэрыдитамкIэ, 2015 гъэм и щэкIуэгъуэм хуэзэу республикэм щатха школ автобуси 135-м ящыщу Глонасс навигаторыр зытетыр 78-рщ. Абы къыхэкIыу адрейхэм Iэмал яIэкъым я автобусхэр къагъэсэбэпыну. Ар, дауи, япэу зэран зыхуэхъур сабийхэрщ. Лэжьыгъэхэр екIуэкIми, псори и кIэм нэсакъым», - жиIащ УнэлIокъуэ Хьэчим.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и МВД-м гъуэгум шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ и къэрал инспекцэм и управленэм зытепсэлъыхьым теухуауэ зэфIигъэкIахэм я гугъу ищIащ а IуэхущIапIэм и унафэщI Бэджыдэ Юрий. Абы къыхигъэщащ 2015 гъэм гъуэгум къыщыхъу автомобиль зэжьэхэуэхэм я бжыгъэр процент 47-кIэ, хэкIуэдахэм я бжыгъэр проценти 9,7-кIэ, фэбжь хэзыххэр процент 15-кIэ нэхъ мащIэ ящIыну зэрахузэфIэкIар. «Республикэм иужьрей илъэсиплIым хэпщIыкIыу щыкIэрыхуащ гъуэгум къыщыхъу Iуэхугъуэ шынагъуэхэм я бжыгъэм. АрщхьэкIэ гъуэгу хабзэм ебакъуэр иджыри мащIэкъым, районхэм шынагъуэншагъэр къызэрыщызэгъэпэщар зэхуэдэкъым. Фадэ ефауэ машинэ зезыхуэ цIыху мини 4-м щIигъу яубыдащ, машинэ зэрахуэнымкIэ хуит зыщI дэфтэр ямыIэу къыщIэкIащ шофер мини 4,2-м. Гъуэгум зэрытетыну хабзэм зэребэкъуам къыхэкIыу цIыху мини 9 жэуапым ирашэлIащ». Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, 2015 гъэм хабзэр къызэпызыудахэм тралъхьа къуэдыр псори зэхэту ахъшэ сом мелуан 490-рэ мэхъу, абы щыщу япшынар сом мелуан 225-рэщ. ИлъэситIыр зэхэту къапщтэмэ, административнэ къуэдыуэ иджыри къатын хуейуэ сом мелуан 550-рэ ятелъщ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Кирин Александр. Ар къытеувыIащ гъуэгум шынагъуэншэу ныбжьыщIэхэр щызекIуэным теухуауэ республикэм и курыт школхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм. КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Конаков Хьэсэн тепсэлъыхьащ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэри мы Iуэхум зэрыщыщхьэпэм. Абы къыхигъэщащ илъэс блэкIам къриубыдэу ди телевиденэмрэ республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ нэтынрэ тхыгъэу 1685-рэ зэрагъэхьэзырар.

КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м административнэ хабзэхэр къызэпызыудхэр зытх и центрым и унафэщI Мамбэт Альберт жиIащ 2015 гъэм апхуэдэу мин 755-рэ зэрыщыIар, ахэр къыщIэгъэщынымкIэ сэбэп хъур гъуэгум щагъэув фотовидеофиксацэхэр арауэ зэрыщытыр.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэм жаIар къыщызэщIикъуэжым, Мусуков Алий къыхигъэщащ я къарухэр нэхъри зыщIагъэуIуэн, щыщIэныгъэхэм хэплъэжу я лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэн зэрыхуейр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

■ ХъыбарыщIэхэр ■ Махуэгъэпс
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Спорт ■ Малъхъэдис

**«ЩIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху щхьэхуэхэр къуажэ жылагъуэхэм егъэбыдылIэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным икIи «Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я органхэм административнэ комиссэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр гъэлэжьэнымкIэ, административнэ къуаншагъэхэмкIэ протоколхэр щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм щылажьэ къулыкъущIэхэм ящыщу зытхыну хуитыныгъэ зиIэхэр убзыхунымкIэ къэрал полномочие щхьэхуэхэр етыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 11-нэ статьям къару имыIэжу къэлъытэным ехьэлIауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. «ЩIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху щхьэхуэхэр къуажэ жылагъуэхэм егъэбыдылIэным теухуауэ» Къэбэрдей -Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным икIи «Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я органхэм административнэ комиссэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр гъэлэжьэнымкIэ, административнэ къуаншагъэхэмкIэ протоколхэр щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм щылажьэ къулыкъущIэхэм ящыщу зытхыну хуитыныгъэ зиIэхэр убзыхунымкIэ къэрал полномочие щхьэхуэхэр етыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 11-нэ статьям къару имыIэжу къэлъытэным ехьэлIауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын, Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI** **ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м*
*№390-П-П*

---

**«ЩIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху щхьэхуэхэр къуажэ жылагъуэхэм егъэбыдылIэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным икIи «Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я органхэм административнэ комиссэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр гъэлэжьэнымкIэ, административнэ къуаншагъэхэмкIэ протоколхэр щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм щылажьэ къулыкъущIэхэм ящыщу зытхыну хуитыныгъэ зиIэхэр убзыхунымкIэ къэрал полномочие щхьэхуэхэр етыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 11-нэ статьям къару имыIэжу къэлъытэным ехьэлIауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м***

**1 статья**

«ЩIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху щхьэхуэхэр къуажэ жылагъуэхэм егъэбыдылIэным теухуауэ» 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №64-РЗ-м и 2-нэ статьям хэт «23,» бжыгъэр хэгъэкIын.

**2 статья**

«Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я органхэм административнэ комиссэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр гъэлэжьэнымкIэ, административнэ къуаншагъэхэмкIэ протоколхэр щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм щылажьэ къулыкъущIэхэм ящыщу зытхыну хуитыныгъэ зиIэхэр убзыхунымкIэ къэрал полномочие щхьэхуэхэр етыным теухуауэ» 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №16-РЗ-м и 11-нэ статьям къару имыIэжу къэлъытэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ** **КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм щIышылэм и 12-м*
*№2-РЗ*

---

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ 2015 гъэм и IV кварталым нэхъ мащIэ дыдэу цIыхур зыхуейр гъэувыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2016 гъэм щIышылэм и 29-м*** ***Налшык къалэ*** ***№7-ПП***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм и IуэхукIэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ 2015 гъэм и IV кварталым нэхъ мащIэ дыдэу цIыхур зыхуейр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм къызэрыхилъхьам тету гъэувын, зы цIыхум тещIыхьауэ сом 9366-рэ, лэжьэгъуэ ныбжьым ит цIыхум папщIэ сом 9872-рэ, пенсионерхэм папщIэ сом 7460-рэ, сабийхэм папщIэ сом 9416-рэ хъууэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI** **МУСУКОВ Алий**

---

**● КъБР-м и прокуратурэм**

# КIэлъыплъыныгъэр ягъэлъэщ

**КъБР-м и прокурорым и япэ къуэдзэ Жекеев Алик иригъэкIуэкIа зэIущIэм щызэхалъхьэжащ я IуэхущIапIэм федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм нэгъабэ зэфIигъэкIар.**

КЪУДАМЭМ и унафэщIым жиIам едэIуа нэужь, къызэхуэсахэм къагъэлъэгъуащ республикэм щыщыIэ социально-экономикэ, криминоген щытыкIэм, цIыхухэм я тхыгъэхэм, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къыщаIэт Iуэхухэм ятещIыхьауэ я лэжьыгъэр зэраунэтIар, законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэным гулъытэ хэха зэрыхуащIар.

ЦIыхухэм лэжьыгъэмкIэ, псэупIэмкIэ я хуитыныгъэхэр, хьэрычэтыщIэхэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэныр, къэрал, муниципальнэ мылъкур къыщагъэсэбэпкIэ, бюджет, налог законодательствэр щагъэзащIэкIэ хабзэм тетыныр, социальнэ Iуэхухэр дэгъэкIыныр, нэгъуэщI пщэрылъхэри зэуIуу къызэрагъэпэщащ.

ЗэIущIэм кърикIуам ипкъ иткIэ, республикэм и прокуратурэм федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр ягъэбелджылащ, къалэн пыухыкIахэр ягъэуващ. ЦIыхухэм псэупIэмкIэ, лэжьыгъэмкIэ, улахуэмкIэ, хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, социальнэ и лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэр, зыхулъэмыкIхэм, балигъ мыхъуахэри яхэту, я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным мы гъэм ткIийуэ я нэIэ трагъэтынущ, бюджет мылъкур къызэрагъэсэбэпым, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм теухуа законхэр зэрагъэзащIэм зэрыкIэлъыплъ щIыкIэр ягъэлъэщынущ, мэкъумэшхэкIхэм я уасэхэм зэрызахъуэжыр къапщытэнущ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

---

**● Къулыкъу**

# Эльбрус жылагъуэм и Iэтащхьэр яхъуэж

**Эльбрус къуажэ жылагъуэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым иджыблагъэ иригъэкIуэкIа сессием къыщащта унафэм ипкъ иткIэ а къуажэм и Iэтащхьэу ягъэуващ Джаппуев Муссэ.**

ЭЛЬБРУС къуажэ жылагъуэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр езыр къызэрылъэIуам къыхэкIыу нэхъ пасэу, 2016 гъэм щIышылэм и 25-м щегъэжьауэ, депутатхэм щхьэщахащ Курданов Узеир.

Джаппуев Муссэ Руслан и къуэр 1984 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м Бахъсэн къалэм къыщалъхуащ. 2006 гъэм абы тхыдэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэ щызэригъэгъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмкIэ и факультетым.

2006 - 2009 гъэхэм Нейтринэ къуажэм дэт курыт еджапIэм тхыдэмкIэ егъэджакIуэу щылажьащ. 2008 - 2016 гъэхэм Эльбрус жылагъуэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэу щытащ.



Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**● ЩIэ**

# Ар и лъэпкъым иригушхуэрт, иджы лъэпкъыр езым иропагэ



**Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым «ЦIыхушхуэхэм я гъащIэр» электрон журналым и «лъэтеувэ» щащIащ. Журналыр зи жэрдэмыр «Гу къабзэхэр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэмрэщ.**

ЖУРНАЛЫМ и япэ къыдэкIыгъуэр политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, щIэныгъэ лэжьакIуэ гъуэзэджэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэзыгъэпэщахэм яхэта икIи абы и япэ тхьэмадэу щыта Къалмыкъ Юрэ трауxуащ.

Къэралымрэ цIыхубэмрэ заужьынымкIэ щхьэпа, зи гуащIэ емыблэжа цIыхухэм ятеухуа журнал къыдэгъэкIыным «Гу къабзэхэр» зэгухьэныгъэм хэтхэр иригъэгупсысауэ щытащ илъэс ипэ Къалмыкъ Юрэ и фэеплъ пшыхь щрагъэкIуэкIам. Айпадхэм я гуэдзэн электрон журналым и проектыр ягъэхьэзыращ КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм иригъэкIуэкIа зэпеуэм щытекIуэу абы къыпэкIуа ахъшэр кърата иужькIэ.

Журналым «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Болэт Арсенрэ а газетым и корреспондент Мэлбахъуэ Зинаидэрэ я тхыгъэхэр итщ.

«Ар и лъэпкъым иригушхуэрт, иджы лъэпкъыр езым иропагэ» тхыгъэ купщIафIэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Мэлбахъуэ Зинаидэ Къалмыкъым къикIуа гъуэгуанэм фIэгъэщIэгъуэну зэрытетхыхьар жеIэ. IуэхущIафэ дахэкIэ зи гъащIэр гъэнщIа цIыхум хужыпIэфынур мащIэ?! Мэлбахъуэм къыхегъэщ къуажэм щапIа щIалэм зригъэгъуэтыфа щIэныгъэм, абы иIа зэфIэкIым, цIыхугъэу хэлъам пщIэ хуумыщIынкIэ Iэмал зэримыIэр.

Журналым и гуэдзэным УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и комитетым и унафэщIу щыта Крашенинников Павел и тхыгъэ, Къалмыкъ Юрэ и цIэр зезыхьэ «Адыгэхэр» щэнхабзэ фондым теухуа хъыбархэр итщ. Апхуэдэуи сайтым къыщыбгъуэтынущ Къалмыкъ Юрэ щеджа Абазакт къуажэмрэ (КъШР) абы и цIэр зэрихьэу жылэм дэт музеймрэ траха сурэтхэр.

Журналыр App Store Интернет тыкуэным къыщыбгъуэтынущ. Зи нэм имылъагъухэм папщIэ сайтыр аудиоIэмалми кърагъэзэгъащ. Ар зыщIахэм ящыщщ КъБР-м и радиом и лэжьакIуэхэу Теувэжыкъуэ Марьянэрэ Мэкъуауэ Ислъамрэ. Мы зэманым сайтыр инджылызыбзэкIи ягъэхьэзыр, дяпэкIэ зэрырагъэфIэкIуэну Iэмалхэм йогупсыс.

«Гу къабзэхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм иригъэжьа Iуэху дахэм зи гуащIэ хэзылъхьахэм «Къалмыкъ Юрэ къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу» фэеплъ медалхэр иратащ.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**



**● Узыншагъэ**

# Арэзы тохъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, Пироговым и цIэр зезыхьэ Медицинэ къэхутэныгъэхэмкIэ урысей лъэпкъ университетым фундаментальнэ, клиникэ неврологиемрэ нейрохирургиемкIэ и кафедрэм и профессор Шамалов Николай. Къыхэгъэщыпхъэщ, Республикэ клиникэ сымаджэщым Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ и центрыр 2013 гъэм къыщызэрагъэпэщым Шамаловым и гуащIэ зэрыхилъхьар, IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр зэрекIуэкIынур зэриубзыхуар, тромболизис Iэмалыр къызэрыхилъхьар.**

ПРОФЕССОРЫМ неврологие къудамэм щекIуэкI лэжьыгъэм зыщигъэгъуэзащ, инсульт зиIэ сымаджэм еIэзэхэм тромболизис Iэмалыр къигъэсэбэпу яхэтащ. Иужьым, илъэгъуа псори къызэщIикъуэжу семинар иригъэкIуэкIащ.

Шамалов Николай жиIащ центрым цIыхухэм щыхуащIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр зэрефIэкIуар, къыхигъэщащ абы и лэжьакIуэхэм Iэзагъыщхуэ зэрахэлъыр, иджырей Iэмэпсымэ щIэхэмкIэ IуэхущIапIэр къызэрызэгъэпэщар икIи ахэр жыджэру къызэрагъэсэбэпыр. «АдэкIи лэжьыгъэм зегъэубгъун хуейщ, реабилитацэ, узыфэ хьэлъэхэр зыпкърыт сымаджэхэм дэIэпыкъуэгъу щахуэхъу къудамэхэр къызэгъэпэщыпхъэщ», - дыщIигъужащ абы.

Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Бгъэжьнокъуэ Зурият зэрыжиIамкIэ, центрым къыщызэIуахыну реабилитацэ къудамэм щыIэну IэщIагъэлIхэр егъэджэнымкIэ, зыхуэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ лэжьыгъэхэр йокIуэкI.

***КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Мы махуэхэм

**Мазаем и 6,**
*щэбэт*

♦**ЦIыхубзхэм я узыншагъэм зэран хуэхъу операцэхэр емыгъэкIуэкIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1918 гъэм** Урысейр григориан махуэгъэпсым зэрыхуэкIуэм теухуа декрет къыдэкIащ.

♦**1935 гъэм** «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщIэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

♦**1936 гъэм** Гармиш-Партенкирхен къалэм (Германие) къыщызэIуахащ IV щIымахуэ Олимп джэгухэр.

♦**1968 гъэм** Гренобль къалэм (Франджы) къыщызэIуахащ X щIымахуэ Олимп джэгухэр.

♦США-м и 40-нэ президент **Рейган Рональд** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Тэмазэ Маржэнэт** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦СССР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и отличник, КъБР-м и цIыхубэ дохутыр **Тембот Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, композитор, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Матвиенкэ Игорь** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Журналист, продюсер, «Япэ канал» телекомпанием и генеральнэ унафэщI **Эрнст Константин** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакIуэ, журналист, дохутыр **ПщыукI Латмир** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

**Мазаем и 7,**
*тхьэмахуэ*

♦**Урысейм щагъэлъапIэ щIымахуэ спорт лIэужьыгъуэхэм я махуэр**

♦**Гренадэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щхьэхуит зэрыхъуар егъэлъапIэ**

♦**1795 гъэм** Хаджибей кхъухь тедзапIэм и цIэр Одессэу зэрахъуэкIащ.

♦**1893 гъэм** США-м щыщ инженер Крей Алан мафIэс зэрагъэункIыфI Iэмэпсымэ къызэригупсысам щыхьэт техъуэ дэфтэр иратащ.

♦**1998 гъэм** Наганэ къалэм (Японие) къыщызэIуахащ XVIII щIымахуэ Олимп джэгухэр. Абы щыгъуэщ Олимп джэгухэм я программэм сноубордымкIэ зэпеуэхэр щыхагъэхьар.

♦**2014 гъэм** Сочэ къалэм (Урысей Федерацэ) къыщызэIуахащ XXII щIымахуэ Олимп джэгухэр. Ди къэралым нэхъапэм щIымахуэ Олимпиадэр зэи щекIуэкIатэкъым.

♦**1855 гъэм** Курилхэмрэ Сахалинрэ зэдэгуэшыным теухуауэ урыс-япон зэгурыIуэныгъэм Iэ традзащ.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист **Ашуров Танахум** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦Совет авиаконструктор, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, академик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Антонов Олег** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Бэлагъы Любэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

**Мазаем и 8,**
*блыщхьэ*

♦**Китай махуэгъэпсымкIэ Илъэсыщ IЭр къохьэ**

♦**Урысей щIэныгъэм и махуэщ**. 1724 гъэм Пётр Езанэм Iэ щIидзащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академиер къызэгъэпэщыным теухуа унафэм.

♦**Урысейм щагъэлъапIэ дзэ топографым и махуэр**

♦**1837 гъэм** Петербург и Iэгъуэблагъэм Пушкин Александррэ Дантес (Геккерн) Жоржрэ щIакIуэ кIапэ щызэдытеуващ. Абы щигъуэта уIэгъэм Пушкиныр илIыкIащ мазаем и 10-м.

♦**1838 гъэм** Морзе Сэмюэл цIыхухэм яригъэлъэгъуащ малъхъэдисыр къигъэсэбэпу ищIа и телеграфым и лэжьэкIэр.

♦**1919 гъэм** Урысейм къыщыдэкIащ зэманыр дунейпсо пщалъэм тету къэбжыным теухуа унафэр.

♦**1984 гъэм** Сараевэ къалэм (Югославие) къыщызэIуахащ XIV щIымахуэ Олимп джэгухэр.

♦**1992 гъэм** Альбервиль (Франджы) къыщызэIуахащ XVI щIымахуэ Олимп джэгухэр.

♦**2002 гъэм** Солт-Лейк-Сити къалэм (США) къыщызэIуахащ XIX щIымахуэ Олимп джэгухэр.

♦**1994 гъэм** «Газета Юга» газетым и япэ номерыр къыдэкIащ.

♦Урыс еджагъэшхуэ, химик цIэрыIуэ **Менделеев Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 182-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакIуэ, бзэр зыджа щIэныгъэлI **Успенский Лев** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Болэ Мурат** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Тихонов Вячеслав** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Муравьевэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щауэ Iэбубэчыр** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист, Олимп чемпион, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Костомаров Роман** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2, жэщым градуси 3 - 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Нэпкъым тетыр кхъуафэ хукIэкIэ Iэзэщ.**

# Социальнэ пособиехэм хохъуэ

**2016 гъэм мазаем и 1-м щегъэжьауэ УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и мылъкум къыхэкIыу ят социальнэ пособиехэм зэхъуэкIыныгъэхэр ягъуэтащ.**

САБИЙР къалъхуа иужь анэхэм зэуэ ират ахъшэр сом 15512,65-рэ хъунущ. Япэ быныр илъэсрэ ныкъуэрэ хъуху кIэ зэрыкIэлъыплъым щхьэкIэ мазэ къэс ят ахъшэр сом 2908,62-рэ нэхъ мащIэу щытынукъым, етIуанэм, абы къыкIэлъыкIуэхэм папщIэ къаIэрыхьэнущ сом 5817,24-рэ.

Уэндэгъугъэр мазищым нэмысауэ медицинэ IуэхущIапIэхэм зыщезыгъэтх цIыхубзхэм зэуэ сом 581,73-рэ иратынущ.

2016 гъэм уэндэгъугъэм щхьэкIэ ятыну пособиер елъытауэ щытынущ илъэситIым (2014 - 2015) къриубыдэу къихьа улахуэм, зэрылэжьа илъэс бжыгъэм. Ахъшэр тещIыхьауэ щытынущ ику ит и лэжьапщIэм. Зэрылэжьа илъэс бжыгъэр мазихым нэмысамэ, нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэм тещIыхьауэ щытынущ.

Ику ит лэжьапщIэр МРОТ-м хуагъадэ, илъэситIым къриубыдэу улахуэ гуэр имыIамэ е а лъэхъэнэм къриубыдэу къиихьар нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэм нэхърэ нэхъ цIыкIумэ.

2016 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэр сом 6204-рэ мэхъу.

Дунейм ехыжа цIыхур щIалъхьэн папщIэ ят ахъшэр сом 5277,28-рэ мэхъу.

***УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

---

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Баразбиев Исмэхьил Хьэрун и къуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Крымшамхаловэ Аминат Гергъокъуэ и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

---

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэзыт телекомпание, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, Налшык жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «КъБР-м и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщ комплекс центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэ, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэзыт телекомпанием и къудамэм и IэщIагъэлI пажэ **Баразбиев Исмэхьил Хьэрун и къуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Крымшамхаловэ Аминат Гергъокъуэ и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

● Мазаем и 8-р Урысей щIэныгъэм и махуэщ

# Гъуэгуанэ купщIафIэ

**Хабзэ хъуауэ, ди къэралым и щIэныгъэлIхэм мазаем и 8-м зэдагъэлъапIэ Урысей щIэныгъэм и махуэр. Совет Союзым и лъэхъэнэм ЩIэныгъэм и махуэр яIэтырт мэлыжьыхьым и ещанэ тхьэмахуэ махуэм. Ар тращIыхьырт «ЩIэныгъэ-техникэ лэжьыгъэхэм я план» статьяр Ленин Владимир щитхауэ щыта 1918 гъэм и мэлыжьыхьым и кIэух махуэхэм. Апхуэдэу екIуэкIащ XX лIэщIыгъуэм и кIэ пщIондэ. 1999 гъэм Урысей Федерацэм и Президентым Унафэ щхьэхуэ къыдигъэкIащ мазаем и 8-р Урысей щIэныгъэм и махуэу гъэлъэпIэным ехьэлIауэ. Ар хуагъэзащ РАН-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 275-рэ щрикъу махуэм.**




ИДЖЫРЕЙ махуэшхуэм лъабжьэ хуэхъуауэ щыта Iуэхугъуэр XVIII лIэщIыгъуэм къыщожьэ. 1724 гъэм мазаем и 8-м Урысей пащтыхь Пётр Езанэм Iэ тридзащ ЩIэныгъэхэмкIэ академие Санкт-Петербург къыщызэрагъэпэщыным теухуа унафэм. Иджырей РАН-м лъабжьэ хуэхъуа а академием и япэ президенту щытащ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Блюментрост Лаврентий.

Тхыдэ гъуэгуанэ хьэлэмэт икIи купщIафIэ къикIуащ Пётр Езанэм иубзыхуа икIи къэралым щигъэбида щIэныгъэ зэгухьэныгъэ иным. 1747 гъэм къащта Уставым ипкъ иткIэ, абы еджэ хъуащ ЩIэныгъэхэмрэ Художествэхэмкiэ имперскэ академиекIэ. ИужькIи академием и цIэм зыбжанэрэ зихъуэжащ. 1803 гъэм абы зэреджэр Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и имперскэ академиет, 1836 гъэм - ЩIэныгъэхэм я Санкт-Петербург академиет. Абы хэтт ЩIэныгъэхэмкIэ академие университет, академие гимназие, физикэмкIэ, географиемкIэ, химиемкIэ къудамэхэр. 1839 гъэм лэжьэн щIидзауэ щытащ Пулковэ обсерваторэм. ЩIэныгъэм и унэтIыныгъэ зыбжанэмкIэ тхылъ куэд дунейм къытехьащ а зэманым. Абыхэм ярыт статьяхэр я къалэмыпэм къыщIэкIырт щIэныгъэлI щэджащэхэу Ломоносовым, Эйлер, Струве, Востоковым, Бутлеровым, Павловым, нэгъуэщI еджагъэшхуэхэми. РАН-м хэтт нэгъуэщI къэралхэм я щIэныгъэлIхэри, псалъэм папщIэ, абы и действительнэ членхэт Вольф, Вольтер, Дидро, Франклин, Гёте, Дарвин, нэгъуэщIхэри.

1917 гъэм академием и фIэщыгъэм зихъуэжащ икIи ар хъуащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академие. РАН-м и президенту хахауэ щытащ академик Карпинский Александр. Ар и пашэу академием хъарзынэу зиужьащ. Абы хэтт действительнэ члену цIыхуи 100-м нэс (къыщызэIуахащIэм щыгъуэ абы хэтыр цIыху 17 къудейт зэрыхъур). Апхуэдэу РАН-м иIэт лабораторэ, обсерваторэ зэмылIэужьыгъуэхэр, музейхэр. СССР-р къызэрагъэпэща нэужь, академием и цIэр аргуэру яхъуэжащ. Ар хъуащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академие. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм ди къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм яжь щIихуащ академиеми. 1991 гъэм абы фIащащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академие (РАН). Нобэ абы хэтщ действительнэ члену 500-м щIигъу, член-корреспонденту 800-м нэс, хамэ къэралхэм я еджагъэшхуэу 150-рэ. РАН-м къызэщIеубыдэ щIэныгъэлI мин 55-рэ щылажьэ щIэныгъэ IуэхущIапIэ 470-рэ. Илъэс ещанэ хъуауэ РАН-м и Президентщ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, академик цIэрыIуэ Фортов Владимир.

Къызэрызэрагъэпэщрэ къикIуа гъуэгуанэ купщIафIэм къриубыдэу урысей щIэныгъэр дунейм хуэупсащ цIыху цIэрыIуэ куэдхэмкIэ, къэхутэныгъэ инхэмкIэ. Къапщтэмэ, дуней псом щыцIэрыIуэщ Ломоносов Михаил, Павлов Иван, Менделеев Дмитрий, Циолковский Константин, Капицэ Пётр, Ландау Лев, Курчатов Игорь, Александров Анатолий, Королёв Сергей, Доллежаль Николай, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я къэхутэныгъэхэм я фIыгъэкIэ дуней псом щыяпэу ди къэралым биосферэр щаджын щIадзащ, хьэршым яутIыпщIащ япэ спутник IэрыщIыр, япэ атом станцыр лажьэу щрагъэжьащ.

Урысей, совет щIэныгъэлI 17-м Нобель саугъэтыр къратащ. 1904 гъэм ди къэралым щыщу япэ дыдэу ар зыхуагъэфэщар академик Павлов Иванщ. ИужькIэ саугъэтыр иратащ Мечников Илья, Семёнов Николай, Капицэ Пётр, Алфёров Жорес сымэ, нэгъуэщIхэми. Апхуэдэ гулъытэ лъагэ иужьрейуэ зыхуащIахэм ящыщщ ди хэкуэгъу щIалэхэу Гейм Андрейрэ (Налшык къалэ дэт курыт еджапIэр къиухащ) Новоселов Константинрэ. 2010 гъэм ахэр Нобель саугъэтым физикэмкIэ и лауреат хъуащ.

Иужьрей илъэс зыбжанэм РАН-м и лэжьыгъэм хуабжьу зиужьащ. Абы и Президиумым епхауэ мэлажьэ щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм хэлъ Iуэху къиинхэмкIэ щIэныгъэ совет зыбжанэ. Апхуэдэхэщ гидрофизикэм, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, хьэршым епха советхэр, дунейпсо щэнхабзэ щIэиныр, тенджызхэмрэ хыхэмрэ, Арктикэмрэ Антарктикэмрэ джыным ехьэлIа къэхутэныгъэхэмкIэ советхэр, нэгъуэщIхэри. ИригъэкIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэмкIэ РАН-р япыщIащ УФ-м, хамэ къэралхэм щыIэ щIэныгъэ зэгухьэныгъэхэм, ассоциацэхэм. Къыпэщылъ къалэнхэм елъытауэ къэхутэныгъэхэр щокIуэкI академием и щIэныгъэ къудамэ зэхуэмыдэхэм.

Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм абы щиIэщ щIэныгъэ къудамэ щхьэхуэхэр. Абыхэм ящыщщ 1993 гъэм гъэм Налшык къыщызэIуахауэ щылажьэ, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрыр. Абы и унафэщIщ УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, РАЕН-м и академик, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Иуан Пётр Мацэ и къуэр. И щIэныгъэлIхэм я зэфIэкI лъагэхэм я фIыгъэкIэ, центрым и пщIэр щылъагэщ Урысейм и мызакъуэу хамэ къэралхэми. Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым къепха институтхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр зэрызэфIахым и щыхьэтщ РАН-м жылагъуэ, гуманитар, техникэ, естественнэ щIэныгъэхэмкIэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм абыхэм я лэжьыгъэхэри къызэрыхалъытэр.

Илъэс 20-м щIигъуауэ лажьэ КъБЩIЦ-м щIэныгъэ IуэхущIапIэ зыбжанэ и нэIэм щIэтщ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтыр, Информатикэмрэ щIыналъэ управленэмкIэ институтыр, Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр, Бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ институтыр, Географие къэхутэныгъэмкIэ центрыр, Социально-политикэ къэхутэныгъэхэмкIэ центрыр. Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым хохьэ РАН-м Ядернэ къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и Бахъсэн нейтриннэ обсерваторэр, РАН-м АстрономиемкIэ и институтым Терскол щиIэ филиалыр. КъБЩIЦ-м и унафэм щIэтщ пIалъэ хэхам тету къыдэкI «Известия КБНЦ РАН» журналыр.

РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым информатикэмкIэ, кибернетикэмкIэ, экономикэмкIэ, прикладной математикэмкIэ, биологиемкIэ, географиемкIэ, ядернэ физикэмкIэ, астрофизикэмкIэ, жылагъуэ, тхыдэ-филологие щIэныгъэхэмкIэ къэхутэныгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкI. Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм щыяпэу республикэм и зыужьыныгъэм дызэрыхуэкIуэну гъуэгур ди деж щаубзыхужу хъуащ. Информатикэмрэ щIыналъэ управленэмкIэ институтым зэхилъхьащ 2030 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зиужьынымкIэ япэ игъэщыпхъэ Iуэхухэр къыщыгъэлъэгъуа программэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым щолажьэ щIэныгъэхэм я доктору 50-м щIигъу, щIэныгъэхэм я кандидату 80. Абы къепха институтхэм я аспирантурэми докторантурэми унэтIыныгъэ 12-кIэ уи щIэныгъэм щыпыпщэфынущ. Абыхэм щIэсхэм я бжыгъэр нобэ 150-м ноблагъэ, - жеIэ КъБЩIЦ-м и унафэщI Иуан Пётр. - Информатикэмрэ щIыналъэ управленэмкIэ институтым экономикэ щIэныгъэмкIэ кандидат, доктор лэжьыгъэр щыпхагъэкI совет иIэщ. Апхуэдэу КъБЩIЦ-м и щIэныгъэлIхэр жыджэру ядолажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэми курыт школхэми. Абыхэм зэхалъхьэ ахэр зэреджэну учебникхэр, тхылъ зэхуэмыдэхэр, институтхэм хэту щIэныгъэм щыхагъэхъуэну центрхэр къызэрагъэпэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым гулъытэ хуещI щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я Iуэхур дэгъэкIыным, щIэх-щIэхыурэ зэпеуэхэр къызэрагъэпэщ, абыхэм къыщыхэжаныкIахэр саугъэтхэмкIэ ягъэпажэ.

Урысейпсо щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIхэм яхэтщ ди лъахэгъухэри. Адыгэхэм щIэныгъэм щача лъэбакъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер (ЩIДАА), 1992 гъэм къызэрагъэпэщар. Абы и тхьэмадэщ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Нэхущ Iэдэм. Лъэпкъ академием хэтщ зи къэхутэныгъэхэмкIэ къэралпсо, дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ хъуа, ди Хэкуми, хамэ къэрал зыбжанэми щыпсэу адыгэ щIэныгъэлIхэр.

Зи щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэмкIэ къэралым, хамэ щIыпIэхэм цIэрыIуэ щыхъуа ди щIэныгъэ IэнатIэхэм щолажьэ лъэпкъ щIэныгъэлI пажэхэр. Абыхэм я нэхъыбэм къаухащ ди республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэр. ЦIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ етыным хуолажьэ ди щIыпIэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэу Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр (ректорыр техникэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Альтуд Юрийщ), КIуэкIуэ Валерий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр (ректорыр техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, доцент Апажэ Аслъэнщ), Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтыр (унафэщIыр гъуазджэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Рахаев Анатолийщ), нэгъуэщIхэри.

Къэхутэныгъэщ Iэхэр зи плъапIэ ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэу зи махуэшхуэр къэблэгъахэм дохъуэхъу республикэр, Хэку псор ипэкIэ зыгъэкIуэтэн лэжьыгъэ купщIафIэхэр дяпэкIи зэфIахыну, ябгъэдэлъ щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хуэфэщэн гулъытэ ягъуэтыну, гъунэ зимыIэ щIэныгъэм и щыгу дэкIуеифын куэд иджыри къахэкIыну, узыншагъэ, унагъуэ насып яIэу Урысей Федерацэм и цIыхухэм я зэIузэпэщ псэукIэм хуэлэжьэну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

## Гъунэ зимыIэ

Лъэпкъым и къарур къызэралъытэр и цIыху бжыгъэкIэкъым, атIэ и цIыхухэм гъэсэныгъэрэ щIэныгъэу ябгъэдэлъырщ.

**ГЮГО Виктор.**

ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхур щIэнгъуазэ пэлъытэщ.

**ГЁТЕ Иоганн.**

ЩIэныгъэ куумрэ цIыху зэчиймрэ дэтхэнэ къэралри къарууфIэ зыщI, абы ехъулIэныгъэ къыхуэзыхь хэкIыпIэхэщ.

**БРЕЖНЕВ Леонид.**

ЩIэныгъэм хуэдэу цIыхур зыгъэлъапIэрэ абы хуитыныгъэ къезытрэ нэгъуэщI зыри щыIэкъым.

**ПИСАРЕВ Дмитрий.**

ЩIэныгъэм гъунэ иIэкъым: сыт хуэдиз ехъулIэныгъэхэр цIыхубэм абы щызыIэрагъэхьэми, къэкIуэну щIэблэхэм Iэмал яIэнущ абы и гъунапкъэщIэхэр къызэIуахыну.

**ГОНЧАРОВ Иван.**



# Еджагъэшхуэ щыпкъэ

**Лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI еджагъэшхуэхэм ящыщщ РАЕН-м и корреспондент, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Иуан Анатолий БетIал и къуэр. Абы и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 100-м щIигъу, игъэхьэзыращ икIи дунейм къытригъэхьащ монографие купщIафIэхэри. КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и кафедрэхэм ящыщ зым и унафэщI Иуаныр щIэныгъэлI щыпкъэу, къэхутакIуэ IэкIуэлъакIуэу, егъэджакIуэ Iэзэу зэрыщытым къадэкIуэу, КъБР-м и Парламентым и депутатщ, абы ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комитетхэм хэтщ.**

АНАТОЛИЙ Аруан районым хыхьэ Старэ Шэрэдж къуажэм 1951 гъэм мазаем и 9-м къыщалъхуащ. Школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, еджэным щыпищащ КъБКъУ-м и биологие факультетым. АдэкIэ ар егъэджакIуэу щылэжьащ Налшык дэт Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш техникумым. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щIалэщIэм и зэфIэкIхэм хигъэхъуэну мурад ищIащ икIи 1979 гъэм щIэтIысхьащ ФитопатологиемкIэ урысейпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институту Москва дэтым и аспирантурэм. Къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр физиологиемкIэ иригъэкIуэкIащ. Ахэр и лъабжьэу игъэхьэзыращ, ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ и япэ щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэр икIи биологие щIэныгъэхэм я кандидат цIэр къыфIащащ. ЩIэныгъэ дунейм пщIэшхуэ щигъуэтащ Анатолий нэхъ иужьыIуэкIэ игъэхьэзыра доктор диссертацэми.

Иуаным и гъащIэ псор епхащ щIалэгъуалэм ядэлэжьэным. Медицинэ факультетым патологие физиологиемкIэ и кафедрэм и инженер нэхъыжьу лэжьэн щIэзыдза Анатолий зэман кIэщIым къриубыдэу абы и егъэджакIуэ нэхъыжь, доцент, профессор хъуащ. I993 гъэ лъандэрэ а кафедрэм и унафэщIщ.

ЩIалэгъуалэр щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм дегъэхьэным дапщэщи гулъытэ хэха хуещI Иуаным. Студентхэм зэрыжаIэмкIэ, егъэджакIуэ Iэзэм и дэтхэнэ лекцэри купщIафIэщ, хьэлэмэтщ, физиологие щIэныгъэм и щэху куэд къыпхузэIузыхщ. Профессор цIэрыIуэм псори зэхэту игъэхьэзыращ щIэныгъэхэм я кандидату 80-м нэс, доктору 15.

- Сызипашэ кафедрэр медицинэ факультетым къызэрыщызэрагъэпэщрэ илъэс 50-м нэсащи, абы и IэщIагъэлIхэм сыт хуэдэ зэмани шэщIауэ ирагъэкIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ купщIафIэхэр. Ди къэхутэныгъэхэм ящыщ куэд ехъулIэныгъэ яIэу къыщагъэсэбэп медицинэ IэнатIэм. Дэ дапыщIащ республикэм и сымаджэщхэми профилактикэ лэжьыгъэ щызэфIах IэнатIэхэми, - жеIэ Иуаным. - Мыхьэнэшхуэ идот едгъаджэ студентхэр къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм хэшэным. Абыхэм ягъэхьэзыр щIэныгъэ лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр. Ахэр утыку къыщрахьэ КъБКъУ-м, къэралым и нэгъуэщI еджапIэ нэхъыщхьэхэм щекIуэкI студент конференцхэм. Лэжьыгъэ нэхъыфIхэр къытрадзэ щIэныгъэ журнал зэмылIэужьыгъуэхэм.

И лэжьыгъэкIэ Иуаныр япыщIащ гъунэгъу щIыналъэхэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм. 2003 гъэ лъандэрэ ар хэтщ Осетие Ищхъэрэ къэрал медицинэ академием, Адыгей къэрал университетым биологие щIэныгъэхэмкIэ я доктор, кандидат диссертацэ советхэм. Анатолэ я унафэщIу, Осетие Ищхъэрэ къэрал медицинэ академием щагъэхьэзыращ икIи ехъулIэныгъэкIэ щыпхагъэкIащ кандидат диссертацэу 4. Апхуэдэ лэжьыгъэ купщIафIэ зэрызэфIихым папщIэ, Иуан Анатолий иджыблагъэ къыфIащащ «Осетие Ищхъэрэ-Алание РеспубликэмщIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

Университетым, зыхэт диссертацэ советхэм, зи унафэщI кафедрэм щызэфIих егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, къызэгъэпэщыныгъэ Iуэхухэм къадэкIуэу, Анатолий куууэ ирегъэкIуэкI къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри. Медицинэм ар щолэжь кислородыр цIыху Iэпкълъэпкъым и пкъыгъуэхэм, лъым къазэремэщIэкIым (гипоксием) къихьынкIэ хъуну шынагъуэхэм. КъинэмыщIауэ, КъБР-м и Парламентым и депутату щыту, Анатолий жылагъуэм щегъэзащIэ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным епха къалэнхэр.

Лъэпкъ щIэныгъэлI пажэхэм ящыщ Иуан Анатолий и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 65-рэ ирикъунущ. Къыщалъхуа махуэшхуэмкIэ, апхуэдэуи Урысей щIэныгъэм и махуэмкIэ Анатолий дохъуэхъу. Ди щIыналъэм, хэкум я зыужьыныгъэм хуэгъэпса лэжьыгъэ купщIафIэ куэд узыншэу зэфIихыну, насыпрэ гуфIэгъуэрэ щымыщIэу псэуну ди гуапэщ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**



# КъэкIуэнур зэлъыта щIэблэ

**«Псыпэр зэрыкIуэм псыкIэр ирожэ», - жыхуаIэращ химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Хэшыр Светланэрэ абы и къуэ Азэмэтрэ я щапхъэр.**

ХЬЭШЫР Светланэ зымыцIыху Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыбгъуэтыну къыщIэкIынкъым. Полимер нанокомпозитхэм ехьэлIауэ япэу иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм я фIыгъэкIэ цIэрыIуэ хъуащ ар. Абы и къуэ Азэмэти и анэм и IэщIагъэр къыхихащ. Илъэс 21-рэ фIэкIа зи мыныбжь щIалэщIэр щIэныгъэм быдэу «хэбэкъуащ».

- Налшык дэт курыт школ №9-м сыщыщIэсми, нэхъыбэу сызэджэр энциклопедие зэмылIэужьыгъуэхэрат. КъБКъУ-м и химие къудамэм сызэрыщIэтIысхьэу «Полимерхэмрэ композитхэмрэ» лабораторэм сыкIуэу щIэздзащ, - жеIэ Азэмэт.

ЩIэныгъэм нэхъуеиншэу зезыта щIалэм псори фIэгъэщIэгъуэнт. Зэман кIэщIым къриубыдэу абы къищIащ лабораторэр зэрызэщIэузэда Iэмэпсымэхэм я лэжьэкIэр. Азэмэт къыгуроIуэ композитыщIэ къэбгъэхъун папщIэ, абы елэжьхэм, щIэныгъэм къыдэкIуэу, гупсысэкIэ щхьэхуэ яIэрэ тегушхуэныгъэ яхэлъу щытын зэрыхуейр. А щIалэм и ехъулIэныгъэхэм уащыхэплъэкIэ, гурыIуэгъуэ пщохъу абы егъэджакIуэфIхэр щIэгъэкъуэн къызэрыхуэхъуар. Инджылызыбзэр зэрищIэм и фIыгъэкIэ, Азэмэт дунейпсо щIэныгъэ конференцхэм мызэ-мытIэу хэтащ. Ар щыIащ Баку (Азербайджан), Бурсэ (Тырку), Москва, Санкт-Петербург, Дон Iус Ростов къалэхэм, нэгъуэщI куэдми. 2014 гъэм КъБКъУ-м щекIуэкIа «Умник» зэпеуэм щытекIуащ икIи абы щигъэлъэгъуа проектыр гъэзэщIэным мы зэманым йолэжь.

- Ди лабораторэм 3D печать зэращI Iэмэпсымэ къытIэрыхьати, абы сыдихьэхащ. АдэкIи мурад сиIэщ си щIэныгъэм а унэтIыныгъэмкIэ хэзгъэхъуэну, - къызжиIащ Азэмэт.

**КЪЭРЭНАШЭ Мадинэ.**

● Футбол

# Бжьыпэр яхуэзэрыгъэгъуэтыркъым

**КъБР-м и щIымахуэ чемпионатым пашэхэр щызэрызохьэ. ПэщIэдзэ джэгугъуибгъуми щытекIуа Налшык и «Мурбек»-р тхьэмахуитI ипэкIэ япэу къыхагъащIэри, «Звезда»-м зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ. АрщхьэкIэ мыгувэу ахэр аргуэру зэхъуэжащ.**

ТХЬЭМАХУЭ зэхуаку къэс пашэныгъэр зыIыгъыр хъуэжа зэрыхъум зэхьэзэхуэр хуабжьу удэзыхьэх ещI. Гъуэрыгъуэурэ бжьыпэр яубыд Налшык и Звезда»-мрэ «Мурбек»-мрэ. Мы гъэми абыхэм чемпионыгъэр зыми зэрырамытынур иджы гурыIуэгъуэщ.

«Мурбек»-р мы зэхьэзэхуэм къызэрыщыхагъэщIар зэ закъуэщ. Абы Налшык и «Союз»-р бжыгъэшхуэкIэ къызэрытекIуам гугъэ уигъэщIырт зэныкъуэкъуитIым ещанэри къахыхьэну. АрщхьэкIэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм псори гурыIуэгъуэ ищIащ. КъызэрыхагъэщIам и зэранкIэ «Союз»-р чемпионыгъэм щIэбэнхэм яхэкIащ.

Нэгъабэрей зэхьэзэхуэм щытекIуа «Звезда»-м и футболистхэм бжьыпэр зэраIыгъар зы тхьэмахуэкIащ. Бахъсэн и «Автозапчасть»-м зэрыпэмылъэщам ар аргуэру кърригъэкIуэтэхыжащ. Иджы, дауи, псори щызэхэкIынур «Мурбек»-мрэ «Звезда»-мрэ езыхэр зэхуэзэмэщ. Ар къыщыхъунур мазаем и 21-ращ.

КъыкIэрыхухэм я Iуэхухэр зэрымыщIагъуэщ. ТхьэмахуитI ипэкIэ япэ текIуэныгъэр зэхьэзэхуэм къыщызыхьа Бабугент и «ЛогоВАЗ»-р аргуэрыжьти къыхагъэщIащ. «Кэнжэмрэ» КъБКъУ-м и Спортфакымрэ зэгъусэу къахуэхьар зы очко закъуэщ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэми зэхъуэкIыныгъэшхуэ щыIэкъым. «Мурбек»-м и пашэ Къалмыкъ Амур блэкIа джэгугъуитIым зэ фIэкIа къыщыхэмыжаныкIами, нэхъапэм дигъэкIахэм (16) я фIыгъэкIэ бжьыпэр иIыгъщ. Абы топитхукIэ къыкIэроху «Къэхъуным» и пашэ ШащIэ Беслъэн.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: *епщIанэ джэгугъуэ* - «**Школа №31**» (Налшык) - «**Спартак-Налшык 1999**» (Налшык) - **1:0**, «**Мурбек**» (Налшык) - «**Союз**» (Налшык) - **1:4**, «**Спарта**» (Налшык) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **3:1**, «**Спартак-Школа №31-Д**» (Налшык) - «**Спортфак КъБКъУ**» (Налшык) - **2:1**, «**ГорИс-179 Кавказкабель**» (Прохладнэ) - «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - **4:3**, «**Къэхъун**» (Къэхъун) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **2:1**, «**Звезда**» (Налшык) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **5:0**, «**Юг-Полимер**» (Бахъсэн) - «**Велес**» (Къэрэгъэш) - **2:2**; *епщыкIуузанэ джэгугъуэ* - «**Союз**» - «**Школа №31**» - **1:2**, «**ЛогоВАЗ**» - «**Спартак-Школа №31-Д**» - **0:4**, «**Автозапчасть**» - «**Звезда**» - **0:0**, «**Шагъдий**» - «**Къэхъун**» - **3:3**, «**Велес**» - «**Мурбек**» - **1:2**, «**Спортфак-КъБКъУ**» - «**Спарта**» - **0:1**, «**Кэнжэ**» - «**Юг-Полимер**» - **1:1**, «**Спартак-Налшык 1999**» - «**ГорИс-179 Кавказкабель**» - **0:2**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Мурбек»** | **11** | **10** | **0** | **1** | **26-12** | **30** |
| **2. «Звезда»** | **11** | **9** | **2** | **0** | **26-4** | **29** |
| **3. «Союз»** | **11** | **7** | **2** | **2** | **21-15** | **23** |
| 4. «Школа №31» | 11 | 7 | 0 | 4 | 19-12 | 21 |
| 5. «Спартак-Шк. №31-Д» | 11 | 7 | 0 | 4 | 18-12 | 21 |
| 6. «Къэхъун» | 11 | 6 | 3 | 2 | 18-9 | 21 |
| 7. «ГорИс-Кавказкабель» | 11 | 6 | 1 | 4 | 23-19 | 19 |
| 8. «Шагъдий» | 11 | 5 | 1 | 5 | 20-18 | 16 |
| 9. «Автозапчасть» | 11 | 4 | 2 | 5 | 19-16 | 14 |
| 10. «Спарта» | 11 | 4 | 1 | 6 | 13-18 | 13 |
| 11. «Юг-Полимер» | 11 | 2 | 5 | 4 | 13-24 | 11 |
| 12. «Велес» | 11 | 2 | 4 | 5 | 15-23 | 10 |
| 13. «Спартак-Налшык 1999» | 11 | 2 | 2 | 7 | 11-16 | 8 |
| 14. «Кэнжэ» | 11 | 1 | 2 | 8 | 7-26 | 5 |
| **15. «ЛогоВАЗ»** | **11** | **1** | **2** | **8** | **10-25** | **5** |
| **16. «Спортфак КъБКъУ»** | **11** | **1** | **1** | **9** | **12-24** | **4** |

● Мини-футбол

# ШколакIуэхэм я зэхьэзэхуэ

**Бахъсэн щIыналъэм щекIуэкIащ мини-футболымкIэ школакIуэхэм я спартакиадэ. Сабий 840-м нэблагъэ зыхэта зэхьэзэхуэр гуп 70-у гуэшауэ щытащ.**

Я НЫБЖЬ елъытауэ зэпеуэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ Бахъсэнёнкэ къуажэм дэт школ №1-м (2004 - 2005 гъэхэм къалъхуахэм я деж), Кыщпэк къуажэ школым (2002 - 2003 гъэхэм), Къубэ-Тэбэ школ №1-м (2000 - 2001 гъэхэм) я еджакIуэхэм.

Бахъсэн щIыналъэм и спорткомитетым къызэрыщыджаIащи, школакIуэхэр зыхэта мыпхуэдэ спорт зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэу 10-м нэблагъэ иджыри ирагъэкIуэкIынущ.

**ЧЫЛАР Аринэ.**

● Альпинизм

# Хергиани Михаил и фэеплъу

**БизнесымкIэ институтымрэ КъБКъУ-мрэ я спорткомплексхэм щIышылэм и 30 - 31-хэм щекIуэкIащ совет альпинист, блэнейрэ СССР-м и чемпион, спортымкIэ мастер Хергиани Михаил и фэеплъу Iэрыщ I къырым дэпщеинымкIэ зэхьэзэхуэ.**

ЗЭПЕУЭР къызэрагъэпэщащ «Нальп» альпинист клубым, КъБР-м СпортымкIэ, Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм, КъБКъУ-м, БизнесымкIэ институтым, МЧС-м и Iуащхьэмахуэ къэзылъыхъуэкъезыгъэл IуэхущIапIэм. КИФЩI-м и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа гугъуагъкIэ етхуанэ категорие къызэзынэкIыфыну къигъэгугъэ дэтхэнэри хуитт абы хэтыну.

Я хьэлъагъ елъытауэ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щаубыдащ ГъуаплъащIэ Дианэ, Емуз Астемыр, Салихов Рудольф, Мамыш Ларинэ, Гусаров Мурат, Власовэ Ольгэ. ЕтIуанэ увыпIэр къахьащ Беслъэней Каринэ, Бирюк Максим, Монаховэ Зое, Кутльер Катаринэ, Къэшэж Рэмэзан, Къэзанш Iэдэм сымэ. Къарей Аликэ, Султыгов Алихьан, Улымбащ Мурат, Хьэту Илонэ, Леонтьев Андрей, Ворушиллинэ Аннэ сымэ ещанэщ.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**




● Къэхъуа хъыбар

# ХьэгъуэлӀыгъуэ

*Си къуэрылъху Къантемыр цӀыкӀу хузотх*



КӀэрашэ Хьэжпагуэ

**1949 гъэр йокӀуэкӀ, мазаещ. КӀий-гуо макъ къоӀу: къокӀуэ, къокӀуэ! Зэуэ шы лъэ макъымрэ теуэ-тепкӀэ, зэщӀэфие цӀыхухэмрэ Ӏэуэлъауэшхуэ къагъэхъу. Адыгэ пшынэми и макъамэр ирешажьэ. Сэ ди гъунэгъум я пхъэ тахътэм сыкъыщоуш. Си анэр къыщӀэлъэдащи: «Укъэуша, си къуэ цӀыкӀу? Умышынэ. Нысашэр къэсыжауэ аращ», - жеӀэ.**

ДИ АДЭ къуэш нэхъыщӀэ Хьэжпагуэ и хьэгъуэлӀыгъуэти, нысащӀэм пэшыр щӀэхыу хуит къыхуэтщӀын зэрыхуейр къызжиӀащ си анэм. АрщхьэкӀэ зитчыным дыхунэмысауэ, Ӏыхьлы цӀыхубз гупышхуэ зэрызехьэу къызэрыщӀогуэ пэшым, адыгэ фащэ зыщыгъ, зи нэкӀур шылэ хъарым игъэпщкӀуа зы пщащэ къыщӀашэри. Унэишэр зэфӀэмыкӀауэ нысащӀэр ягъэлъагъуэ хъунутэкъым.

Асыхьэту цӀыхухэр нэхъри зэщӀохуабжьэ. Гупышхуэр лъэныкъуитӀу зэбгрожри, кӀэлындор кӀыхьым зы шу щӀалэ къытохутэ. Сэ занщӀэу къызгурыӀуащ гъуэлъыпӀэ щӀагъым нэхъ шынагъуэншэ щӀыпӀэ зэрызмыгъуэтынур икӀи сепӀэщӀэкӀыу сыщӀэпщхьащ. Куэд дэмыкӀыу шууей хъыжьэр цӀыхухъухэм щӀагъэцӀывыкӀыжати, си гур нэхъ мамыр хъужа нэужь, си зыгъэпщкӀупӀэм сыкъыщӀэкӀыжащ.

Бзылъхугъэхэм нысащӀэм и тепхъуэр трахри, ди пащхьэ къохутэ хъыджэбз дахэ Бабыцэ (Женя). Езыр лъагэщ, и щхьэцыгъуэшхуэр щӀым нэс тоуэ. Хъыджэбзым и лъагагъым нэхъри хегъахъуэ пыӀэ хъурей цӀыкӀу щхъуэкӀэплъыкӀэм.

ЦӀыхубзхэр псори зэрызыххэу бгъэдыхьэурэ нысащӀэр зрагъэцӀыху, техьэпщӀэр яӀыгъыххэщи, саугъэтхэмкӀэ абы хуоупсэ. Си анэри (и нысэгъу нэхъыжьыр) Бабыцэ ирагъэцӀыху. НысащӀэр къысхуэупсащ кӀэнфет щхъуэкӀэплъыкӀэ хъурей цӀыкӀухэм хуэдэкӀэ. Зауэ нэужьым абыхэм фӀэкӀа нэгъуэщӀ ӀэфӀыкӀэ ди къуажэм щыбгъуэтынутэкъым.

Арати, Къаншыуей къуажэмрэ Инарыкъуей жылэмрэ аргуэру унагъуитӀкӀэ зэпыщӀа хъуащ - КӀэрашэхэрэ Срыхъухэрэ.

А махуэм щауэ зэкӀужу жылэдэсым яхэт КӀэрашэ Хьэжпагуэ куэд щӀатэкъым лӀыгъэ зэрихьэу Хэку зауэшхуэм зэрыхэтрэ. 1942 гъэм къыщыщӀэдзауэ ар топгъауэу а мафӀэ лыгъэм хэтат, Белоруссиер, Польшэр щхьэхуит къэзыщӀыжахэм ящыщт. ТекӀуэныгъэм и махуэшхуэр абы къыщригъэхьар Берлинт. 1947 гъэм армэм къыхэкӀыжауэ, мамыр хъужа дунейм абы иджы псэгъу щищӀырт илъэс 20 зи ныбжь хъыджэбз къызэрыгуэкӀ цӀыкӀу Бабыцэ. Ари лэжьакӀуэшхуэт, къуажэ колхозым и учётчицэт.

...Жэщищ-махуищкӀэ екӀуэкӀащ хьэгъуэлӀыгъуэр. ЗэрыжаӀэу, гъунэгъуи жэрэгъуи къэмынэу абы къекӀуэлӀащ, ныбжьыщӀэхэм я насыпым къуажэ псор хуэхъуэхъуащ. Къехъуэхъурт анэшхуэ Фаризэт и бынитӀри - Хьэзритрэ Хьэжпагуэрэ - псэууэ зауэм къызэрикӀыжам папщӀэ.

Уэнжакъым кӀэрахъуэкӀэ иукӀыу абы щыгъуэм япэу слъэгъуауэ аращ. Сигу изубыда нэхъ хьэлэмэтхэм ар ящыщщ. Ахъшэ жьгъейр джэгум щыдрапхъейрт, «уэредадэр» яшэщӀырт, ажэгъафэм хьэщӀэр къигъэуджырт. А псом нэхъуеиншэу сыхэплъэрти, къысхуэмыщӀэр зыт: утыкум махуищми имыкӀа ажэгъафэр хэт? Иужьым наӀуэ къэхъужащ - ар ди гъунэгъу щӀалэ цӀыкӀу Абазэ Мишэт.

ЗэшитӀым я унагъуэхэр зы пщӀантӀэм щызэдэпсэуащ, Хьэзрит - щӀалих, Хьэжпагуэ зы щӀалэрэ хъыджэбзитхурэ яӀэу. Дэ сабийхэм дежкӀэ ар насыпышхуэт.

**КӀЭРАШЭ Михаил.**

**Мы махуэхэм Дубай къалэм и Meydan ипподромым щекӀуэкӀащ «Dubai Word Cup» шыгъажэ фестивалыр. Хуагъэува саугъэт фондыр доллар мини 120-рэ зи инагъ метр 1400-рэ хъу къэжэгъуэм текӀуэныгъэ дахэ къыщихьащ Сэкрэкхэ я шы заводым щагъэхъу Кул Ковбой.**

# Дунейпсо кубокым щӀэбэнынущ



● Шыгъажэ

ПСОРИ зэхэту а махуэм хухахат къэжэгъуибл, метр 1200-м къыщыщӀэдзауэ метр 1800-м нэс я кӀыхьагъыу. Псом нэхърэ нэхъ удэзыхьэх хъуащ пшахъуэщӀым метр 1400-рэ гъуэгуанэм къыщыжа Кул Ковбой и шым къыщигъэлъэгъуа зэфӀэкӀыр.

Къызэдэжэм щытекӀуэм Дунейпсо кубокым щӀэбэныну Ӏэмал игъуэтынути, зэхьэзэхуэм хэтащ а кӀыхьагъым къыщыжэ шы нэхъыфӀ дыдэхэр. Апхуэдэхэт, псалъэм папщӀэ, шейх Мухьэммэд Аль-Мактум и шитӀыр - Фри Уиллингрэ Эльмаргэрэ, шейх Хамдан Аль-Мактум ейуэ Оманым и пащтыхь шуудзэм хэт Энсайфер, США-м, Инджылызым, Австралием, Швецием, Ирландием къикӀахэр. Урысейм щыщу абы хэтар Кул Ковбой и закъуэщ.

Хъарзынэу зизыча ди шыр етӀуанэу ежьащ. Жокейр губгъуэкӀэ кӀуэн хуейуэ езыхулӀэ ебгъуанэ щытыкӀэр абы пхъэидзэкӀэ къыӀэрыхьат. Метри 100 нэхъ дэмыкӀыу япэ къищащ къызэдэжэм зэман кӀэщӀкӀэ пашэ щыхъуа Муаахьид. СэмэгумкӀэ щрагъэзэкӀым, Гифторм япэ ищащ. Кул Ковбой ику иту жэрт, ауэ егъэзэкӀыпӀэм къыщикӀым етӀуанэ хъуащ икӀи нэхъ псынщӀэ зищӀурэ Гифторм щхьэпрыкӀри, финишым ӀэпкълъэпкъитӀкӀэ япэ иту нэсащ. Ещанэ хъуащ Энсайфер.

Кул Ковбой гъуэгуанэр зэпичащ 1 дакъикъэрэ секунд 24,45-м (лъэхъэнэм щыетӀуанэ зэман нэхъыфӀщ). Сэкрэкым и шыр текӀуэныгъэм хуашащ тренер Уотсон Дугласрэ Дубай къызэрыкӀуэрэ шым дэлажьэ жокей Доббс Патрикрэ. КъищынэмыщӀауэ, Кул Ковбой «Шы нэхъ дахэ дыдэ» саугъэт щхьэхуэр къыхуагъэфэщащ.

Сэкрэкым и заводым текӀуэныгъэр къыхуэзыхьа шыр илъэситӀ ипэкӀэ США-м къыщищэхури Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм ишащ. Шыр Дубай 13-рэ къыщыжащ: 5-м щытежащ, 5-м етӀуанэ щыхъуащ, тӀэунейрэ еплӀанэу къэсащ. Псори зэхэту абы саугъэту къихьащ доллар мин 360-рэ. Иужьу зыӀэригъэхьа пашэныгъэм и фӀыгъэкӀэ дунейпсо эксперт комиссэм Кул Ковбой и рейтингыр 110-м нэс иӀэтащ икӀи Dubai Word Cup дунейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну Ӏэмал игъуэтащ.

Адрей ди хэкуэгъухэм я гугъу пщӀымэ, ещанэ къэжэгъуэм хэтащ урысей шыхъуэхэм я гъэсэнитӀ - Бухтояров Валентин и заводым щагъэхъу, Ирландием къыщалъхуа Май Кэчтрэ (Сэкрэкым ишщ, Урысейм и чемпион-спринтер Команчо и къуэшщ) Быф Залым Ирландием щиӀэ Мухарааджрэ. Май Кэтч етӀуанэу къэсащ. Урысеймрэ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэмрэ я зэхуаку дэлъ гъуэгуанэр къызытехьэлъа Мухараадж иужьрейхэм ящыщщ, ауэ ди фӀэщ мэхъу и зэфӀэкӀ лъагэхэр абы иджыри къигъэлъэгъуэну.

Шыгъажэм дихьэххэм фӀыуэ яцӀыху Шэшэным и Ӏэтащхьэ Кадыров Рамзан иш Дакс Сколар къэжэгъуэр къехъулӀакъым икӀи метр 1200-кӀэ къэжахэм я гупым ар къызэрысар епщыкӀуплӀанэущ.

Дунейпсо кубокыр къэхьыным ехьэлӀа зэхьэзэхуэм щӀидзэным иджыри мазитӀ иӀэжщ. Ди гуапэщ Сэкрэкым шы щагъэхъу и заводми адрей ди шыхъуэхэми ехъулӀэныгъэхэр зыӀэрагъэхьэну.

**КЪЫЛЫШБИЙ Къазбэч.**

● Чэнджэщхэр

## Унэгуащэхэм папщӀэ

Кхъуейлъалъэр гуащӀэ хъуамэ, шэм зы сыхьэт хуэдэкӀэ хэвгъэлъи, гуащӀагъэр щӀэкӀыжынущ.

* * *

Жэгундэпсым гур, лъынтхуэхэр фӀыуэ егъэлажьэ, тхьэмщӀыгъур, зэзыр, жьэжьейр егъэкъабзэ. Лъыр къэгъэхъунымкӀэ, ар гъэкъэбзэнымкӀэ абы къытекӀуэн нэгъуэщӀ къэкӀыгъэ щыӀэкъым. Абы нэмыщӀ лъатэ, кӀэтӀий узхэри зэтес ещӀыж. Жэгундэпсыр къыщӀэхуагъащӀэу махуэ къэс грамм тхущӀ-тхущӀурэ щэ уефэмэ, нэхъыфӀщ. ТхьэмахуитӀ хуэдизкӀэ ефэн хуейщ. ИтӀанэ зы тхьэмахуэ дэбгъэкӀыу къыщӀэбдзэж хъунущ.

* * *

Бдзэжьейр щывгъажьэкӀэ пӀащӀэу зэтегъэжауэ кӀэртӀоф тӀэкӀу дэвгъажьи, бдзэжьеимэр игъэкӀуэдынущ.

* * *

Бжьыныр фымыгъэлыбжьэ и пэкӀэ хьэжыгъэм хэфкухьмэ, и фэр тхъуэплъ дахэ хъунущ.

* * *

Пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуар япэщӀыкӀэ псы хуабэм сыхьэтищ хуэдизкӀэ хэвгъэлъмэ, компот вгъавэм и фэр нэхъ дахэ, езыри нэхъ гурыхь хъунущ.

* * *

Пхъыпсым тхъуцӀынэ тӀэкӀу хэплъхьэмэ, нэхъ гуакӀуи нэхъ ӀэфӀи мэхъу.

* * *

Бдзэжьейр щыбгъажьэкӀэ мащӀэ-мащӀэурэ псы тӀэкӀу щӀэпкӀэмэ, нэхъ ӀэфӀи нэхъ щаби мэхъу.

* * *

Лыр бsuccessfulбыдэмэ, бгъэжьэн и пэкӀэ серчэм тӀэкӀурэ хэгъэлъ.

● Фэ фщӀэрэ?

### Кхъуейм и ныбжьыр

Мы шхыныгъуэ хьэлэмэтыр куэд дыдэ щӀауэ цӀыхухэм фӀыуэ ялъагъу. Ауэ зыми ищӀэркъым абы сыт хуэдиз ныбжь иӀэми. Ди эрэм и пэкӀэ IV лӀэщӀыгъуэм алыдж еджагъэшхуэ, философ цӀэрыӀуэ Аристотель итхыжауэ щытащ кхъуей зэрыхах щӀыкӀэр. Ауэ Урысейм ар къыщысар XIX лӀэщӀыгъуэм и пэщӀэдзэрщ. Къэгъэлъэгъуэн хуейщ абы и щэхухэр илъэсищэ зыбжанэ хъуауэ адыгэхэм зэращӀэр.

### МелыӀычхэм къурагъэлат

Америкэм щыщ еджагъэшхуэ, физик Вуд Роберт лажьэурэ ешати, мурад ищӀат мэзым кӀуэуэ тӀэкӀу зигъэпсэхуну. Мэзым щӀэту здэкӀуэм, и пхъум и макъ зэхихащ: «Папэ, адэкӀэ умыкӀуэ, къэувыӀэ!» Роберт къэувыӀащ, зиплъыхьащ, ауэ къеджар къыхуэгъуэтакъым. Ежьэжри, зы лъэбакъуэ фӀэкӀа ичатэкъым метр зыщыплӀ нэхърэ нэхъ пэмыжыжьэу щыблэ къыщыуам икӀи жыг абрагъуэр щызэгуихам. МелыӀычхэм къурагъэлауэ аращ жаӀар.

### И насыпти...

Инджылызым и правительствэм и Ӏэтащхьэу щыта Черчилль Уинстон куэд къыщыщӀырт, куэдми къелащ. Мис абыхэм ящыщ зы. 1941 гъэм и бжьыхьэм зенит батареем и Ӏуэху зытетыр зригъэлъагъуну кӀуат. Псори зэфӀэкӀауэ машинэм къыщитӀысхьэжым, и хъумакӀуэм машинэм и пэ бжэр премьерым хуӀуихащ. «УимытӀысхьэ» къыжриӀэу зы макъ гуэр зэхихащ абы. Арати, и щӀыбагъ бжэмкӀэ итӀысхьащ. Машинэр ежьэну хунэсатэкъым ипэмкӀэ лагъым къыщыуам. Шофёрри премьерым и хъумакӀуэри иукӀащ, езы Черчилль къелащ.

### Дунейм и къалэ нэхъ дахэ дыдэхэр

Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) 1502 гъэм португалхэм ухуэн щӀадзащ. Иджыпсту абы цӀыху мелуани 10 хуэдиз дэсщ, тенджыз порт, аэропорт инхэр, щӀэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я центрхэр, дуней псом щынэхъ ин дыдэ стадион щыӀэщ. «Маракана» стадионым цӀыху мин 200-м нэблагъэ ихуэу щытащ. Къалэм щыкуэдщ музейхэр, театрхэр, еджапӀэхэр, тхыдэм, архитектурэм я фэеплъхэр, тенджыз Ӏуфэ зыгъэпскӀыпӀэхэр. Дунейм и щӀыпӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэми езы Бразилиеми къикӀыу махуэ къэс мы къалэм цӀыху мелуанищым нэс къокӀуэ.

### Дыгъэмрэ ЩӀымрэ

Фэ фщӀэрэ Дыгъэм и радиусыр ЩӀым ейм нэхърэ хуэди 109-кӀэ, и щхьэфэр ЩӀым нэхърэ хуэдэ 1.300.000-кӀэ, и хьэлъагъыр - хуэдэ мин 330-кӀэ зэрынэхъ иныр? Дыгъэм и хьэлъагъыр абы и хъуреягъыр къэзылъэтыхь планети 9-м я хьэлъагъым нэхърэ хуэдэ 750-кӀэ зэрынэхъыбэр? Ар нэхъ тэмэму къыбгурыӀуэн щхьэкӀэ, мыпхуэдэ щапхъи къэпхь хъунущ. Зы хъарбызышхуэрэ хугу хьэдзэ цӀыкӀурэ зэбгъэдэплъхьэмэ, сыт хуэдэу зэхуэхъурэ? Апхуэдэщ Дыгъэмрэ ЩӀымрэ.

● ГушыӀэхэр

### Си деж къэгъанэ

ЗэлӀэзэфызыр хъарзынэу зэдэпсэуурэ илъэс тӀощӀым нэс дэкӀауэ, лӀым ефэу къиублат. Ар фызым и гум техуакъым икӀи лӀым жриӀащ:

- Алыхь, ефэныр щумыгъэтыжмэ, зы махуэ симысыну, сикӀыжынумэ!

- ИкӀыж, - и напӀэр хуэдакъым лӀым, ауэ укъыщысшам щыгъуэ килограмм 50 фӀэкӀа ухъуу щытакъым, иджы килограмми 100-м нэбгъэсащи, си деж щызытеплъхьа лыр къэгъанэ, адрейр ихыж.

### Сыхэмытми ирикъуркъэ?

ИнджылызыбзэмкӀэ егъэджакӀуэр щӀалэ цӀыкӀум йошхыдэ:

- Си дерсым умыхьэзыру щхьэ укъакӀуэрэ? Инджылызыбзэр щхьэ пфӀэмыгъэщӀэгъуэнрэ? Абы дуней псом цӀыхуу тетым и ныкъуэр иропсалъэ!

- АтӀэ сэ сыхэмытми ирикъуркъэ ар! Куэдыщэщ!!!

### КъыслъэщӀыхьакъым

ЩӀалэ цӀыкӀур школым къикӀыжауэ и анэм жреӀэж:

- Мамэ, нобэ классым щӀэс псоми мастэ хаӀуащ, узыфэ гуэрхэр къапкърымыхьэн щхьэкӀэ.

- Хъарзынэщ! Угъауэ къыщӀэкӀынкъым, инышхуэ ухъуащ.

- Сыгъакъым, умыгузавэ. КъыслъэщӀыхьахэкъым, сыкъыщӀэпхъуэжати.

### Режиссёрымрэ драматургымрэ

Режиссёрым драматургым жреӀэ:

- Сэ уи пьесэр схуэгъэувынукъым. Хъуанэр хуабжьу си жагъуэщ.

- Абы хъуанэ хэткъым.

- Абы хэмыт щхьэкӀэ, залым щӀэсхэр хъуэнэнущ.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкӀуэкӀыу:*** **6**. Пасэрей Ӏэщэ. Ди зэманми спорт зэхьэзэхуэ абыкӀэ ирагъэкӀуэкӀ. **7**. Былымыр зэрыпыджэ «Ӏэщэ». **8**. ПсыпцӀэ къуалэбзу пщэ кӀыхь, лъакъуэ псыгъуэ кӀыхь. **9**. Мылъку зи куэд цӀыху. **10**. Зи кур нэщӀ, купщӀэ зэрымылъ. **11**. Ди гъунэгъу фызым жин ... иӀэу яӀуатэ. **13**. Гъущэ, псы зыщӀэмытыж. **14**. ЦӀыхубз щыгъын. **17**. Губгъуэ мафӀэшхуэ. **19**. ЩӀалэ цӀыкӀухэм фӀыуэ ялъагъу, зэрыджэгу хьэпшып. **20**. Жьым ... псым йопыдж. **24**. КъуакӀэбгыкӀэ здэщымыӀэ щӀыналъэ захуэ. **25**. Унэхэр, псэуалъэхэр тӀу изыщӀыкӀ блын е бжыхь. **27**. Гъатхэм пасэу щӀым къыхэж удз шакъафэ-къащхъуафэ цӀыкӀу. Абы теусыхьащ Щоджэнцӏыкӏу Алий. **28**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиӀэмкӀэ, ар нэм хуэдэщ. **29**. Фадэ гуащӀэ. **33**. Бдзэжьей зэрещэ. **34**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дэзщ. **36**. Къуаргъ лъэпкъым щыщ къуалэбзу. **37**. Дагъыстэным щыпсэу лъэпкъ. Абы ящыщ куэд исщ ди республикэми. **39**. Дзыгъуибгъур зэдеӀэмэ, абы и щхьэр трач. **49**. Аргъуей зэз, ... кхъуей. **41**. Хьэхэм я щӀыфэм хищӀэ хьэпӀацӀэ. **42**. Бдзэжьей лӀэужьыгъуэ.

***Къехыу:*** **1**. Ӏэщыхъуэхэм щыуэлбанэм, щыщӀыӀэм и деж я щхьэм фӀапхъуэу, я пщэм къурашэкӀыу щытащ. **2**. Нартыху ... е дыгъэ... **3**. Сталиным и дамэгъуу щыта Совет Союзым и маршал. Иужьым СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэщӀу лэжьащ. **4**. ХадэхэкӀ. **5**. Уи тепӀэн еплъи, уи лъэ ... **11**. Зиусхьэн лъэпкъ. **12**. Нало Заур и япэ ӀэщӀагъэу щытар. **15**. Мэлбахъуэ Тимборэ иужькӀэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Ӏэтащхьэу щыта. **16**. ХадэхэкӀыр Ӏисраф зыщӀ дзыгъуэшхуэ. **18**. Дунейм и къэщӀэрэщӀэжыгъуэ зэман. **21**. Зи щхьэкӀэхэр пыупщӀа, зи къудамэхэр теухъуэнщӀыкӀа жыг лъэдий гъум. **22**. Пасэрей зауэлӀ джанэ. **23**. БгитӀ зэхуаку. **26**. ЦӀыху мелуан 250-м щӀигъу щыпсэу къэрал. **30**. Къэзышагъащӏэм и благъэщӏэ. **31**. Ӏуэху мыублэ ... хэсщ. **32**. Бдзэжьейр псым зэрыщесыр. **35**. ЩоджэнцӀыкӀу Алий и творчествэр кууэ зэпкърызыха еджагъэшхуэ, филологие щӀэныгъэхэм я доктор, критик ХьэкӀуащэ ... **38**. Медведевым и япэ ... Шувалов Игорь. **39**. Зи щхьэкӀэр хужь дахэу зэщӀэгъагъэ, бжьэхэм фо къызыпах, ди щӀыпӀэм щыкуэд жыг.




*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***ЩӀышылэм и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкӀуэкӀыу:*** **5**. Мысыр. **6**. Аркъэн. **7**. Суслов. **8**. Къэбард. **11**. Бо. **12**. Ущ. **14**. Жей. **16**. Гъэш. **18**. Гущэ. **19**. Хъушэ. **21**. Дыд. **23**. Джэдыгу. **24**. Тау. **26**. Кхъуей. **27**. Жьым. **28**. Нал. **30**. Бзу. **33**. Егъу. **36**. Зэ. **39**. Уэрдыхъу. **40**. Атэлыкъ. **41**. Уашхэ. **42**. Нэгъуей.

***Къехыу:*** **1**. Псысэ. **2**. Кургъуокъуэ. **3**. Мазэгъуэ. **4**. Акъбащ. **7**. Собэ. **9**. Дыщэ. **10**. Уае. **13**. Бгъэ. **15**. Уэд. **17**. Шэджэм. **18**. Гуэгуэн. **19**. Хъущт. **20**. Гъудэ. **22**. Дей. **25**. Ужьэ. **26**. Кхъулэ. **29**. Къесу. **31**. Зым. **32**. Уэркъ. **34**. Псыкуэд. **35**. Атэлыкъ. **37**. Гурышэ. **38**. Благъуэ.

● Шхыныгъуэхэр

### КӀэртӀоф цӀывынэкӀэ щӀа хьэнтхъупс

Шыуаным псы щӀыӀэ ирагъэжыхь, шэ щӀэмыху иракӀэ, шыгъу хадзэри, зэ къытрагъэкъуалъэ. БэлагъкӀэ зэӀащӀэурэ абы кӀэртӀоф цӀывынэр хакӀутэ. МафӀэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкум къытрахыжри, бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуаныщхьэр трапӀэри, дакъикъитху-хыкӀэ щагъэт.

Ӏэнэм фалъэкӀэ трагъэувэ, шатэ хэкӀауэ. ЩӀакхъуэ е лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (цӀыхуитӀ Ӏыхьэ):***
шэ щӀэмыхуу - г 1400-рэ,
кӀэртӀоф укъэбзауэ - г 300,
гуэдз хьэжыгъэу - г 60,
джэдыкӀэу - 1,
тхъуцӀынэу - г 30,
шатэу - г 50,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

***Бжьын гъэлыбжьам:***
тхъууэ - г 30,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 40,
шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

### Былым тхьэмщӀыгъу гъэбэкхъа

ФӀыуэ тхьэщӀа тхьэмщӀыгъур Ӏыхьэурэ яупщӀатэ, сэкӀэ гъуанэ цӀыкӀу хуащӀ, ямыугъуэнылэу. Шыгъу щахуэ. ИтӀанэ а гъуанэ цӀыкӀухэм бжьыныху хьэдзэ упщӀэта, шыбжий сыр упщӀэта иралъхьэ, гуэдз хьэжыгъэм фӀыуэ хакухьри, тебэм ит тхъу къэплъам халъхьэ. Ӏыхьэхэр лъэныкъуитӀымкӀи тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Шатэпс щӀакӀэ, тебащхьэр трапӀэжри, мафӀэ щабэм тету ягъэбэкхъ.

Ӏэнэм пщтыру, тебэм къина шатэпсри текӀауэ тепщэчкӀэ трагъэувэ. И щхьэм бжьын упщӀэта тракӀутэ. ПӀастэ, мырамысэ хуабэ, чыржын, щӀакхъуэ дашх.

***Халъхьэхэр (цӀыхуитӀ Ӏыхьэ):***
тхьэмщӀыгъуу - г 600,
бжьыныху укъэбзауэ - г 20,
шыбжий сыр мыхьэжауэ - г 5,
тхъууэ - г 80,
бжьыныщхьэ упщӀэтауэ - г 60,
шатэпсу - г 250-рэ,
шыгъуу, гуэдз хьэжыгъэу - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

**Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**Редколлегием хэтхэр**

**ХьэфӀыцӀэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **ЖьэкӀэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщӀэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщӀ Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкӀхэмрэ редакцэмрэ я хэщӀапӀэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкӀэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ӀуэхухэмкӀэ - 42-22-86; къуажэ гъащӀэмрэ экономикэмкӀэ - 42-57-59; щэнхабзэмкӀэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ ӀуэхущӀапӀэхэм ядэлэжьэнымкӀэ - 42-60-53; хъыбарыщӀэхэмкӀэ, спортымрэ письмохэмкӀэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щӀэныгъэмкӀэ - 47-32-15; зэдзэкӀакӀуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ӀуэхущӀапӀэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаӀэта Ӏуэхугъуэхэм я пэжагъымкӀэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Ӏуэху еплъыкӀэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Ӏэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщӀэныгъэхэмкӀэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкӀэ Къэбэрдей-Балъкъэр щӀыналъэ ӀуэхущӀапӀэм №Н-0065-м щӀэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокӀ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкӀыгъуэм елэжьахэщ:* **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Жыласэ Маритэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркӀэ газетым и теплъэр ящӀащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ, БищӀо Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ӀэнатӀэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Ӏэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №155**